



Pwogram Walk Bridge

Norwalk, CT

Haitian Creole

FÈY ENFÒMASYON SOU EA/EIE | 2016



EA/EIE disponib pou revize

Administrasyon Federal Transpò (Federal Transit Administration) ak Depatman Transpò Connecticut (Connecticut Department of Transportation, CTDOT) pibliye Eevalyasyon Anviwònman/Eevalyasyon Seksyon 4(f)/Eevalyasyon Enpak sou Anviwònman (Assessment/Section 4(f) Evaluation/Environmental Impact Evaluation, EA/EIE). EA/EIE prezante lòt posiblite pou ranplase Walk Bridge ak yon evalyasyon enpak lòt posiblite yo sou anviwònman an, daprè Lwa Nasyonal sou Règleman pou Anviwònman an (National Environmental Policy Act, NEPA) ak Lwa Connecticut sou Règleman pou Anviwònman an (Connecticut Environmental Policy Act, CEPA).

Eevalyasyon Seksyon 4(f) se yon kondisyon anba Lwa 1966 sou Depatman Transpò (Department of Transportation Act of 1966) konsènan konsèvasyon pak publik yo, zòn pou lwazi, refij nan lanati ak zwazo akwatik, oswa espas istorik ki gen enpòtans nasyonal, enpòtans pou leta oswa enpòtans lokal.

Pwojè a gen ladan apwòch chemennfè depi nan lès pou rive nan lwès, ki totalize apeprè yon mwatye mil ray tren. Travay nan ray tren, chenèt ak siyal ap fèt nan limit priyorite leta ki la deja, ki pwolonje ant apeprè Washington Street Bridge po rive apeprè 300 pye alès Fort Point Street Bridge. Fort Point Street Bridge pral ranplase pandan pwojè a.



PIBLIKASYON EA/EIE

6 Septanm 2016

**Peryòd Kòmantè Piblik sou
45 Jou**

7 Septanm – 21 Oktòb 2016

Odyans Piblik

Jedi 6 Oktòb 2016
6PM Deba Lib; 7PM Odyans
Norwalk City Hall, Concert Hall
125 East Avenue, Norwalk, CT

Pandan peryòd 45 jou kòmantè piblik la, nou ankouraje piblik la pou yo bay kòmantè yo sou EA/EIE. Ou ka fè deklarasyon aloral nan Odyans Piblik a. Ou ka soumèt deklarasyon alekri tou nan odyans piblik la oswa nenpòt lè anvan 21 oktòb 2016 (Gade 'Fason pou Fè Kòmantè sou EA/EIE').

Pwogram Walk Bridge pral ranplase Walk Bridge ki deteryore sou Norwalk River nan Norwalk, CT, ki enpòtan anpil pou vitalite ak kwasans ekonomik zòn nan, ki tolere apeprè:

200

tren pa jou

125,000

pasaje pa jou



Federal Transit
Administration



EA/EIE se rezulta etid teknik ak kolaborasyon avèk ajans yo, operatè ray tren, Minisipalite Vil Norwalk, ak publik a sou dènye dezan yo. CTDOT te òganize plis pase 20 reyinyon kowòdinasyon, tankou:

- Reyinyon sou Enpòtans Publik
- Reyinyon pou Bay Enfòmasyon Biblik
- Reyinyon Kowòdinasyon avèk Ajans Federal ak Ajans Leta
- Reyinyon Kowòdinasyon avèk Minisipalite Vil Norwalk
- Charèt Istorik ki Anvizaje pou Moun ki Konsène
- Reyinyon avèk Komisyón Pò Norwalk
- Reyinyon avèk Itilizatè ki Depannde Dlo
- Reyinyon avèk Moun Kle ki Konsène

Ki Enpak Pwogram nan Pral Genyen sou wen?

Men kèk nan enpak posib pou yon ti tan ak enpak pèmanan, nou evalye nan EA/EIE:

- Chanjman nan sèvis ray tren an pou yon ti tan ak blakawout pandan peryòd konstwiksyon an
- Enpak pou yon ti tan nan itilizatè ki depannde dlo ak restriksyon sou kannal navigasyon yo pandan peryòd konstwiksyon an
- Enpak bwi pandan yon ti tan ak enpak vibrasyon nan vwazinaj pon an pandan konstwiksyon an
- Dwa itilizasyon pou yon ti tan ak pèmanan ak akizisyon pwopriyete ak demenajman
- Fèmti minimòm liy wout yo, enpak sou sikilasyon an pou yon ti tan ak enpak sou pakin yo, ak fèmti lari a nèt pandan peryòd konstwiksyon an

N ap diminye enpak posib yo nèt epi n ap detèmine limit dega yo avèk kowòdinasyon pridan ak regilye avèk Minisipalite Norwalk, gwoup moun ki konsène, founisè sèvis tren, ajans patnè ak ajans koperasyon yo, itilizatè maren pou komès ak lwazi, biznis lokal yo, pwopriyetè kay yo ak rezidan yo. Answit, CTDOT ap kowòdone pwojè a avèk konstwiksyon lòt pwojè nan zòn nan, pou diminye enpak yo nèt.

N ap itilize pi bon pratik jesyon, plan prevansyon, ak mezi pwoteksyon pandan tout konstwiksyon an. Pwogram Walk Bridge pral:

- Amelyore sèvis pou pasaje zòn nan ak sèvis transpò nan tren pou zòn nan sou New Haven Line/Northeast Corridor
- Amelyore operasyon ak fyabilite pon an
- Amelyore dirabilite pou reziste nan move tan grav yo
- Amelyore aliyman kannal navigab epi ogmante espas vètikal ak orizontal
- Ranje ak pwolonje chemen pou bisiklèt ak pyeton



Lòt Posiblite pou Ranplasman ki Evalye nan EA/EIE

Lòt posiblite nou konsidere nan EA/EIE ki konsantre sou reyalizasyon Objektif ak Bezwen, ki prezante konsa: Pou repare oswa ranplase pon ki deteryore a avèk yon fondasyon pon rezistan k ap amelyore sekirite ak fyabilite sèvis ray tren; ofri fleksibilite operasyonèl ak fasilité antreteny; epi prevwa plis kapasite ak efikasite transpò nan ray tren toutolon New Haven Line/Northeast Corridor, pandan l ap antreteni oswa amelyore kapasite navigasyon ak fyabilite pou trafik maren an nan Norwalk River.

Okòmansman, nou te evalye plis pase 70 konsèp modèl epi nou te analize yo pou idantifye lòt mwayen ki posib. Nou Te Konsidere yon Lòt Posiblite pou Pa Bati (Okenn Aksyon), Lòt Posiblite Reparasyon, Lòt Posiblite pou Pon Fiks ak Lòt Posiblite pou Pon Mobil CTDOT te òganize anpil reyinyon avèk ajans publik yo ak moun ki konsène nan pwojè a, tankou Kò Enjenyè Fòs Lame Etazini (U.S. Army Corps of Engineers), Gadkòt Etazini (U.S. Coast Guard), Minisipalite Vil Norwalk, Metro-North Railroad, pwopriyetè kay, ak itilizatè wout navigab pou idantifye enkyetid ak egzijans yo pou modèl pon ranplasman an epi pou jwenn kòmantè publik la ak ajans lan. CTDOT te òganize tou yon Reyinyon Piblik sou Enpòtans Pwojè a nan mwa fevriye 2015, yon Reyinyon sou Enpòtans Pwojè a avèk Ajans lan nan mwa mas 2015, ak yon Reyinyon pou Bay Enfòmasyon Piblik nan mwa me 2016 pou prezante ak revize lòt posiblite yo.

Lòt Posiblite pou Pa Bati ak Pon Mobil t ap avanse pou evalyasyon nan EA/EIE. Lòt Posiblite pou Pa Bati pa ta pwolonje lavi itil pon ki la deja a epi li pa ta satisfè Objektif ak Bezwen Pwojè a, men nou te konsève li nan EA/EIE kòm yon kondisyon debaz pou objektif konparezon. CTDOT te detèmine ranplasman pon an avèk yon nouvo pon mobil se sèl chwa ki ta satisfè Objektif ak Bezwen Pwojè a.

Lòt Posiblite pou Pon Mobil ki te avanse nan EA/EIE gen ladan 170' Through Truss Rolling Bascule Bridge, 170' Through Truss Vertical Lift Span and 240' Through Truss Vertical Lift Span. Chwa sa a yo se reprezantan kalite pon baskil ak pon vètikal ki monte kòm yon ekilib bezwen itilizatè yo, jeni, bezwen ak kontrent sou anviwònman an, depans yo, ak posiblite pou konstwiksyon an fèt.

Lè nou konpare twa Lòt Posiblite Pon Mobil, nou te idantifye 240' Vertical Lift Span Bridge (Chwa 11C) kòm lòt posiblite nou pito dapre konparezon faktè ki gen siksè ki endike nan tablo anba la a paske yo asosye avèk Objektif ak Deklarasyon Bezwen Pwojè a. Chwa 11C se sèl lòt posiblite ki gen baz nou pwopoze deyò limit direktye varyab ki egziste a, pou pèmèt pon ki la deja rete operasyonèl pi lontan pandan konstwiksyon an epi ki bezwen yon mank ray tren ki pi kout.

TABLE KEY	Option 4S 170' Rolling Bascule Bridge	Option 8A 170' Vertical Lift Span Bridge	Option 11C 240' Vertical Lift Span Bridge
AVANTAJ			
ANTLÈDE			
DEZAVANTAJ			
Wotè Fondasyon:	70' (closed) - 130' (open)	105' (closed) - 140' (open)	105' (closed) - 140' (open)
Espas Vètikal:	27' (closed); 60' (open)	27' (closed); 60' (open)	27' (closed); 60' (open)
Espas Orizontal:	120'	120'	200'
Estimasyon Depans pou Konstwiksyon:	\$330-\$365M	\$380-\$415M	\$425-\$460M
DIRE KONSTWIKSYON AN			
RISK KONSTWIKSYON AN			
DIRE MANK DE RAY TREN YO			
ENPAK SOU NAVIGASYON			
ENPAK LOKAL			
ENPAK SOU ANVIWÒNMAN			
PÈFÒMANS POU ANPIL TAN			
FLEKSIBILITE ESTETIK			
DEPANS			

Pwochen Etap yo

Apre yon peryòd 45 jou pou kòmantè publik, nou anrejistre kòmantè publik la ak moun ki konsène yo epi nou mete yo nan dokiman final, ki prevwa pou nan na yon Rezulta NEPA pou Okenn Enpak Enpòtan (Finding of No Significant Impact, FONSI), ak yon Dosye Desizyon (Record of Decision, ROD) CEPA.

Anba egzijans NEPA ak CEPA, Pwogram nan pral kowòdone avèk ajans yo pou evalye enpak yo pidevan epi pou prepare dokiman final sou anviwònman an. Dokiman sa yo ap reprezante etap final pwosesis NEPA pou Evalyasyon FINAL FTA, ak etap final pwosesis CEPA pou yon Evalyasyon Enpak sou Anviwònman Biwo CT pou Règleman ak Jesyon ap Fè.

Identifikasiyon, kontwòl ak aplikasyon angajman pou limite dega yo ap kontinye pandan konsepsyon ak konstwiksyon final la.



Nou prevwa konstwiksyon Walk Bridge ap fèt sou apeprè twa a kat ane han anpil etap sou peryòd konstwiksyon an pou pi byen fasilitè trafik la sou ray tren an ak trafik maren-an. Etap konstwiksyon an nan konsepsyon pou kounye à epi l'ap rafine pandan konsepsyon an ap vanse.

Vin Jwenn Nou pou Odyans Biblik la

Jwenn plis enfòmasyon sou lòt posiblite EA/EIE ak evalyasyon enpak Odyans Biblik ki pral fèt la. Odyans Biblik la ap gen ladan yon prezantasyon, deba lib pou wè afichaj yo epi pale yon fason enfomèl avèk ekip Pwogram nan, ak okazyon pou fè kòmantè. N ap anrejistre kòmantè nou resevwa nan Odyans Biblik la epi n ap pale sou yo nan dokiman final sou anviwònman an. CTDOT ap konsidere tout kòmantè aloral ak alekri nou resevwa pandan odyans biblik la.



walkbridgect.com



facebook.com/walkbridgect



[@walkbridgect](https://twitter.com/walkbridgect)

Revize EA/EIE

Kopi enprime EA/EIE disponib pou revize nan:

Norwalk City Hall

125 East Ave, Norwalk, CT

Norwalk Public Library

1 Belden Ave, Norwalk, CT

East Norwalk Association Library

51 Van Zant St, Norwalk, CT

South Norwalk Branch Library

10 Washington St, Norwalk, CT

Connecticut Department of Transportation

2800 Berlin Turnpike, Newington, CT

Western Connecticut Council of Governments

1 Riverside Road, Sandy Hook, CT

Soumèt yon kòmantè sou sitwèb Walk Bridge.

Fason pou Bay Kòmantè sou EA/EIE

Peryòd pou bay kòmantè publik la ap rete louvri ant 7 septanm ak 21 oktòb 2016.



Patisipe nan Odyans Biblik la*

Jedi 6 Oktòb 2016, a 6 PM
Norwalk City Hall, Concert Hall
125 East Ave, Norwalk, CT



Soumèt yon kòmantè sou sitwèb Walk Bridge

www.walkbridgect.com/contact



Imèl: info@walkbridgect.com



Kòmantè alekri

Mr. Mark W. Alexander
Transportation Assistant
Planning Director
2800 Berlin Turnpike,
Newington, CT, 06131

*Lokal reyinyon an gen aksè fasil pou ADA. Ou ka mande èd gratis nan lang oswa entèpretasyon langaj siy depi ou kontakte Biwo Enfòmasyon Biblik Pwogram sa a nan nimewo (203) 752-1996 omwen senk (5) jou ouvrab anvan reyinyon an. N ap fè efò pou reponn demann pou èd yo.

